

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina Sudaryat (2015, kc. 37), éjahan téh leuwih nyoko kana aturan-aturan cara ngagambarkeun sora-sora (kecap, kalimah, jste) dina wangun tulisan (huruf-huruf) sarta larapna tanda-tanda baca. Ari éjahan basa Sunda téh ngalaman sababaraha parobahan. Sacara gurat badagna, parobahan éjahan basa Sunda téh ilaharna nuturkeun kamekaran Ejaan Bahasa Indonesia.

Dicutat dina *web* Universitas STEKOM (2022), sajarah kamekaran éjahan basa Sunda téh mimiti dituliskeun ku hurup latén ku urang-urang Walanda, Inggris, Perancis, jeung urang asing séjénna. Éta urang asing téh miboga karep jeung minat dina nalungtik basa Sunda. pedoman éjahan basa Sunda téh ditetepkeun ngaliwatan kongrés basa Sunda nu diayakeun ku badan basa Sunda.

Aya sawatara sistem éjahan anu kungsi digunakeun pikeun nuliskeun basa Sunda. Kahiji, aya Éjahan D.K. Ardiwinata (1912) anu medalkeun buku kalawan judul *Palanggeran Nuliskeun Basa Sunda ku Aksara Walanda*. Ieu buku disusun jeung Moehamad Rais, M. Partadiredja, M. Amongpradja, H.S.H. de Bie, jeung C.M. Pleyte. Kadua, Éjahan Surawidjaja (1947) aya sawatara parobahan nyaéta gantina huruf *oe* jadi *u*, sora sentak ditulis ku *k*, kecap ulang bisa ditulis ku angka 2, teu aya bédana antara nuliskeun *di* minangka rarangkén jeung *di* minangka kecap pangantét. Tapi, nasib éjahan Surawidjaja sarua jeung Ejaan Republik, nyaéta pada-pada henteu disahkeun ku pamaréntah. Katilu, éjahan LBSS (1959), dina taun 1959 LBSS ngarévisi éjahan jeung ngasahkeun éjahan anu anyar ngagantikeun frasa *Édjahan Basa Sunda ku Aksara Latén* jadi *Éjahan Basa Sunda Ku Aksara Latén*. Saterusna, aya Éjahan Basa Sunda yang Disempurnakan (1972-1977), aya parobahan dina nuliskeun “*eu*” jadi “*ö*”. Tapi, éta parobahan téh dibatalkeun lantaran dina lokakarya éjahan di Yogyakarta, LBK netepkeun éjahan anu rék digunakeun dina nuliskeun basa-basa daérah séjénna. Saterusna, Éjahan Basa Sunda (1988), éjahan basa Sunda ngalaman parobahan deui lantaran diniléy kurang lengkep. Ku kituna, dina tanggal 29 Désémber 1987 Jurusan Basa jeung Sastra

Sunda FPBS IKIP Bandung ngalakukeun tarékah pikeun nyampurnakeun éjahan basa Sunda.

Palanggeran éjahan téh terus dirévisi jeung disarungsum deui dumasar kana parobahan jaman. Palanggeran éjahan dirévisi deui dina taun 2017 ku sawatara dosén ti Departemen Prodi Pendidikan Basa Sunda. Salian ti éta, parobahan palanggeran éjahan téh geus aya kamajuan téknologi. Kiwari palanggeran éjahan geusaya aplikasina nu ngaranna “Palanggeran Éjahan Basa Sunda”. Ieu aplikasi téh dimekarkeun ku dosén ti Departemen Prodi Pendidikan Basa Sunda. Dipiharep ku ayana éta aplikasi bisa mantuan nu maca pikeun diajar palanggeran éjahan basa Sunda di mana waé jeung iraha waé.

Nulis téh kaasup kana opat kaparigelan basa, nyaéta kaparigelan nyarita, kaparigelan nulis, kaparigelan maca, jeung kaparigelan ngaregepkeun. Dina éta opat kaparigelan basa téh kaparigelan nulis kaasup kana kaparigelan anu teu dipikaresep (Ridho spk., 2018).

Dina prosés nulis téh ayana tahapan-tahapan kagiatan pikeun ngahasilkeun hiji tulisan. Salah sahiji tahapanna nyaéta ngawengku mekarkeun paragraf, nyusun kalimah, jeung ngalarapkeun éjahan, tur tanda baca (Budiyono, 2012). Dina kagiatan nulis, siswa kudu bisa néangan idé jeung miboga pangaweruh ngeunaan kabeungharan kecap, éjahan, sarta kekecapan anu merenah (Karnale, 2014). Salian ti éta, dina panalungtikan Muhyidin (2017, kc. 28) nétélakeun yén siswa ditungtung miboga pangaweruh éjahan anu alus. Pangaweruh éjahan anu alus téh sangkan mahér dina kabasaan. Ku kituna, upama apal kana palanggeran éjahan tangtu mampuh pikeun mekarkeun daya jeung maham kana nulis hiji karangan.

Dina kagiatan nulis téh panulis diperedih nyangkem palanggeran éjahan. Upama panulis teu nyangkem palanggeran éjahanana, tangtu tulisanana ogé bakal hésé dipipaham ku nu macana. Kitu ogé ceuk pamadegan Rahmaningsih (2016, kc. 61) yén mangpaat pamakéan éjahan anu bener téh pikeun nepikeun ma'na anu saenyana sangkan moal aya pasalia paham. Kagiatan nulis téh lain keur ngébréhkeun pikiran, rasa, jeung kahayang hungkul, tapi ogé kudu dibarengan ku pangaweruh kabahasaanna.

Upama ningali dina KD kurikulum 2013 révisi 2017, jenjang SMP kelas VII téh aya KD pangalaman pribadi. Siswa diperedih nulis téks pangalaman pribadi kalawan nyumponan aspék kabahasaan anu kudu dicangking. Salah sahiji aspék kabahasaan anu kudu dihontal téh nyaéta éjahan jeung tanda baca. Ku kituna, harepanana siswa geus miboga pangaweruh éjahan jeung tanda baca.

Nalika turun ka lapangan, pasualan anu karandapan ku siswa dina kagiatan nulis pangalaman pribadi téh palanggeran éjahanna masih kurang. Loba anu masih salah dina makéna aksara jeung kecap. Pasualan siswa dina nulis karangan pangalaman pribadi téh aya dina makéna éjahan jeung tanda baca (Kustomo, 2015, kc. 58). Malahan mah dina panalungtikan Lidiasari (2016, kc. 2) diébréhkeun yén kasalahan-kasalahan dina ngagunakeun éjahan téh ngabalukarkeun siswa jadi teu wanoh kana aturan éjahan basa Sunda anu hadé tur merenah. Réréana siswa ngalakukeun kasalahan dina makéna aksara, nuliskeun kecap, jeung tanda baca. Ieu kasalahan katitén tina hasil karangan siswa nulis téks pangalaman pribadi. Dumasar kana pasualan di luhur, masalah anu dipedar diwatesan, ngawengku: (a) makéna aksara, (b) nuliskeun kecap, jeung (c) tanda baca.

Ieu panalungtikan penting pikeun ditalungtik lantaran ningali kana pasualan anu karandapan ku siswa di luhur, éta pasualan teu bisa disapirakeun. Dina ieu panalungtikan baris diguar ngeunaan pangaweruh awal siswa dina nyangking matéri éjahan, kamampuh nulis pangalaman pribadi, sarta naha aya korélasina tina éta dua variabel.

Dina panalungtikan Muhyidin (2017) tétéla yén ayana korélasi anu signifikan antara pangaweruh éjahan jeung kamampuh nulis narasi. Pangaweruh éjahan anu ditalungtik téh nyaéta Ejaan Bahasa Indonesia (EBI). Upama dina ieu panalungtikan mah nalungtik pangaweruh palanggeran éjahan basa Sunda. Ku kituna, dina ieu panalungtikan baris ngabuktikeun panalungtikan Muhyidin (2017). Naha bener ayana korélasi antara pangaweruh éjahan jeung kamampuh nulis.

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho aya henteuna korélasi antara pangaweruh éjahan jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII di SMP Negeri 7 Bandung.

Ku kituna, dumasar kana pasualan di luhur panalungtik kairut pikeun nalungtik leuwih nyosok jero deui, kalawan judul: **Korélasi Pangaweruh Éjahan Jeung Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajaran 2022/2023.**

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dina ieu panalungtikan aya sawatara idéntifikasi masalah anu baris didéskrripsikeun, nyaéta:

- 1) Pangaweruh éjahan siswa kelas VII Negeri 7 Bandung;
- 2) Kamampuh nulis pangalaman pribadi;
- 3) Korélasi antara pangaweruh éjahan jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi.

Dina ieu panalungtikan baris diwatesan masalahna dumasar kana lobana kasalahan éjahan anu dilakukeun ku siswa kelas VII SMP Negeri 7 Bandung, nyaéta

- 1) makéna aksara, 2) nuliskeun kecap, jeung 3) tanda baca.

1.2.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah disusun dumasar kana pasualan anu aya dina idéntifikasi masalah. Rumusan masalah disusun pikeun néangan jawaban tina sawatara patalékan anu diajukeun patali jeung objék anu ditalungtik Ridha (2017, kc. 64).

Anapon rumusan masalah anu aya dina panalungtikan, di antarana:

- 1) Kumaha pangaweruh éjahan siswa kelas VII di SMP Negeri 7 Bandung?
- 2) Kumaha kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa VII di SMP Negeri 7 Bandung?
- 3) Naha aya korélasi antara pangaweruh éjahan jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa VII di SMP Negeri 7 Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan tina ieu panalungtikan diayakeun téh pikeun ngadéskrripsikeun korélasi antara pangaweruh éjahan jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa VII di SMP Negeri 7 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana masalah anu dirumuskeun di luhur, sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskrupsikeun:

- a) Pangaweruh éjahan siswa VII di SMP Negeri 7 Bandung;
- b) Kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa VII di SMP Negeri 7 Bandung.
- c) Korélasi antara pangaweruh éjahan jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa VII di SMP Negeri 7 Bandung.

1.4 Mangpaat/Signifikasinsi Panalungtikan

14.1 Mangpaat Tioritis

Dina ieu panalungtikan téh tangtu aya mangpaatna. Mangpaat tioritis dijieun pikeun ngajelaskeun kontribusi hasil panalungtikan pikeun kamekaran élmu pangaweruh luyu jeung widangna (Suliyanto, 2017, kc. 18).

Sacara tioritis, ieu panalungtikan bisa méré mangpaat pikeun sawatara pihak anu dituju sangkan bisa méré informasi, boh pangaweruh éjahan siswa boh kamampuh nulis pangalaman pribadi. Ieu panalungtikan ogé bisa nambahan tiori éjahan jeung sumber bacaan pikeun pabukon jurusan Pendidikan Bahasa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ditujukeun pikeun sawatara pihak anu kalibet dina ieu panalungtikan, di antarana:

- a. Pikeun guru, dipiharep guru bisa ngajarkeun matéri éjahan leuwih teuleum deui ka siswa sangkan jadi bekel pikeun nulis hiji karangan pangalaman pribadi. Upama siswa geus miboga persiapan nu asak dina nyangkem matéri éjahan, tangtu siswa bisa ngaminimalisir kasalahan anu mindeng dilakukeun nalika nulis hiji karangan. Salian ti éta, guru ogé bisa nyaho kahéngkérana siswa dina nulis pangalaman pribadi di palebah naon sarta bisa ngungkulan éta pasualan.
- b. Pikeun siswa, bisa apal kana kakuranganna, boh dina pangaweruh éjahan boh dina kamampuh nulis pangalaman pribadi. Salian ti éta, ieu panalungtikan bisa jadi bahan évaluasi pikeun siswa ngaronjatkeun deui pangaweruh éjahan basa Sunda jeung ngasah deui kamampuh nulis dina pangalaman pribadi.
- c. Pikeun nu maca, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré kaweruh ngeunaan éjahan;

- d. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ngeunaan pangaweruh jeung kaparigelan ngalarapkeun éjahan siswa kelas VII dina kagiatan nulis.

1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu panalungtikan raraga tulisan téh miboga tujuan pikeun ieu panalungtikan téh kasusun sacara sistematis. Anapon ieu skripsi diwangun ku lima bab anu bakal diwincik di handap.

BAB I Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, eusina ngawengku tiori ngeunaan éjahan, kamampuh nulis, jeung nulis pangalaman pribadi, panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis.

BAB III Méthode Panalungtikan, eusina ngawengku desain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik analisis data.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngawengku pangaweruh éjahan siswa kelas VII-G SMP Negeri 7 Bandung taun ajar 2022/2023, kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII- G SMP Negeri 7 Bandung taun ajar 2022/2023, sarta korélasi antara pangaweruh éjahan jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII-G SMP Negeri 7 Bandung taun ajar 2022/2023.

BAB V Panutup, eusina ngawengku kacindekan, implikasi panalungtikan, sarta rékoméndasi hasil panalungtikan.